


### BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Nurutkeun Usman & Akbar (2017) métode panalungtikan nyaéta léngkah-léngkah atawa prosedur nu sistematis dina kagiatan panalungtikan. Prosedur dina kagiatan panalungtikan mininal ngawengku opat léngkah, nyaéta ngumpulkeun, nganalisis, ngainterprétasi, jeung méré kacindekan kana data tina masalah anu keur ditalungtik. Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Métode kualitatif dina ieu panalungtikan sagemlengna ngamangpaatkeun cara napsirkeun jeung midangkeun data dina wangun déskripsi. Dina ngumpulkeun data panalungtikan, pamarekan anu dipaké di antarana aya téknik babandingan sastra, pamarekan struktural jeung pamarekan hermeneutik.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa gambaran atawa rarancang dina kagiatan panalungtikan, sangkan nu nalungtik bisa ngalaksanakeun prosés panalungtikanna dina léngkah-léngkah anu jelas.



**Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan**

## 3.2 Data jeung Sumber Data

### 3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sajumlahing informasi anu patali jeung struktur, hermeneutik (pancacuriga), sarta babandingan struktur jeung hermeneutik dina buku dongéng Si Kabayan nu ditulis ku M.O. Koesman jeung buku carita Abu Nawas Saémbara nu ditulis ku Rachmat. M. Sas Karana. Data struktur ngawengku téma, galur, tokoh jeung watekna, sarta latar, sedengkeun data hermeneutik nyoko kana unsur-unsur pancacuriga anu lima, nyaéta silib, sindir, sampir, siloka, jeung sasmita. Satuluynam ieu di handap mangrupa tabél data panalungtikan nu ngawengku tujuh judul dongéng jeung carita nu baris ditalungtik.

**Tabél 3. 1 Tabél Kode Data Judul**


No	Dongéng/Carita	Judul Dongéng	Kode Data
1	Si Kabayan	Ngala Nangka	SK-NN
2		Paréa-réa Omong	SK-PO
3		Dagang Nangka	SK-DN
4	Abu Nawas	Abu Nawas Saémbara	AN-S
5		Abu Nawas Nyamur	AN-NY
6		Sultan Kapiuhan	AN-SK
7		Abu Nawas Dipanjara	AN-DP

### 3.2.2 Sumber Data

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta dongéng jeung carita dina buku Si Kabayan nu ditulis ku M.O. Koesman jeung Abu Nawas Saémbara nu ditulis ku Rachmat. M. Sas Karana. Anapon sumber data sekundér dina ieu panalungtikan téh dikumpulkeun tina sumber-sumber literatur boh fisik atawa online.


### 3.2.2.1 Idéntitas Buku *Si Kabayan* nu Ditulis ku M.O. Koesman

Judul	: <i>Si Kabayan</i>
Ditulis ku	: M.O. Koesman
Pamedalan	: Kiblat Buku Utama
Taun	: 2013
Tempat	: Bandung
Kandel buku	: 40 Kaca
Jumlah dongéng	: 8 ( <i>dalapan</i> )



Gambar 3. 1 Sampul Buku *Si Kabayan*

### 3.2.2.2 Biografi Singget M.O Koesman




Gambar 3. 2 Foto *M.O Koésman*

M.O. Koesman lahir di Majalaya, 11 Maret 1917. Inyana kungsi jadi guru SMP (1943-1944), SMA (1944-1949), guru pamaréntah di Yayasan BPI Bandung (1950-1963), jeung guru basa Sunda di SGA Negeri III Bandung. Salian ti éta, M.O. Koesman ogé kungsi jadi wartawan di sababaraha media masa, kayaning: Sipatahoenan, Pikiran Rakyat, jeung Majalah Sunda.

Karya M.O Koesman anu kungsi dipedalkeun téh di antarana waé aya, *Si Kabayan* (1981), *Wa Dulhong* (1981), *Si Kabayan Ngalalana* (1982), *Kamus Kecil Indonesia-Sunda* (1984), jeung *Kamus Kecil Sunda-Indonesia* (1984). Salian ti éta, M.O Koesman ogé kungsi nyusun buku kakawihan Sunda nu judulna *Bincarung* jeung *Mang Koko* (H. Koko Koswara) anu medal taun 1986. M.O. Koesman tilar di Bandung, 19 Agustus 1997.

### 3.2.2.3 Identitas Buku *Abu Nawas Saémbara* nu Ditulis ku Rachmat M. Sas Karana

Judul	: Abu Nawas Saémbara
Ditulis ku	: Rachmat M. Sas Karana
Pamedalan	: Kiblat Buku Utama
Taun	: 2013
Tempat	: Bandung
Kandel buku	: 46 Kaca
Jumlah dongéng	: 4 (opat)



Gambar 3. 3 Sampul Buku *Abu Nawas Saémbara*

### 3.2.2.4 Biografi Singget Rachmat M. Sas Karana



Gambar 3. 4 Foto Rachmat M. Sas

Rachmat M. Sas Karana lahir di Cijulang, Ciamis, 08 Désémber taun 1942. Rachmat M. Sas Karana mangrupa salasihiji tokoh anu ngahirupkeun kamekaran puisi Sunda modérn. Inyana mimiti tulis dina basa Sunda taun 1960, tur dina taun 1966 geus medalkeun buku kumpulan sajakna nu judulna *Ombak Laut Kidul*.

Buku kumpulan sajak *Ombak Laut Kidul* dipedalkeun di Jatiwangi (Cirebon) ku Cupumanik dina taun 1966. Ieu buku jadi salasihiji karya Rachmat M. Sas Karana anu kawéntar di dunya kasusastraan Sunda. Buku kumpulan sajak *Ombak Laut Kidul* ogé kungsi menang anugerah sastra nyaéta Piagem Ambri ti Paguyuban Pangarang Sastra Sunda.

Salian ti sajak dina basa Sunda, Rachmat M. Sas Karana ogé nyieun sajak dina basa Indonésia, carita pondok, jeung novel. Sajak karanganna dipedalkeun di sababaraha majalah jeung pamedalan buku lianna. Rachmat M. Sas Karana ogé nerbitkeun buku séjén, saperti *Abu Nawas Saémbara* taun 1967, *Tepung di Bandung* taun 1972 jeung *Surat Panjang ti Cijulang* taun 1983.

### 3.3 Téknik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, aya dua téknik anu digunakeun, nyaéta téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.

#### 3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik studi pustaka. Téknik studi pustaka digunakeun pikeun nyangking data-data tina dokuméntasi tinulis ku cara maca jeung nyutat poin-poin anu diperlukeun pikeun satuluyna diolah. Éta hal saluyu jeung kamandang Zed (2014) anu nyebutkeun yén studi pustaka téh nyaéta kagaiatan maca jeung nyutat sarta ngolah informasi nu jadi bahan panalungtikan. Léngkah-léngkah ngumpulkeun datana, nyaéta:

- 1) milih buku keur sumber data: *Si Kabayan* (meunang M.O. Koesman) jeung *Abu Nawas Saémbara* (meunang Rachmat. M. Sas Karana);
- 2) maca jeung nyeléksi judul karya tina sumber data;
- 3) ngumpulkeun data saluyu jeung pangabutuh unggal ulikan;
- 4) ngaréduksi data-data anu saluyu jeung pangabutuh unggal ulikan;
- 5) napsirkeun jeung méré déskripsi kana data anu geus kapanggih, nepi ka kacangking pamahaman ngeunaan téma, fakta carita, jeung unsur-unsur pancacuriga anu digambarkeun dina sumber data anu dianalisis;

#### 3.3.2 Téknik Ngolah Data

Sabada sakabéh data anu dibutuhkeun geus dicangking, laju éta data dianalisis ngagunakeun konsép analisis: 1) struktural Robert Stanton keur ngaguar téma jeung fakta carita, 2) hermeneutik dumasar kana unsur-unsur pancacuriga, sarta 3) babandingan struktur jeung hermeneutik tina sumber data nu dipilih. Anapon léngkah-léngkahna, nyaéta:

- 1) maca jeung mariksa deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) milih jeung nangtukeun data nu rék diasupkeun kana kartu data, boh data analisis struktur boh hermeneutik;
- 3) nganalisis eusi dongéng jeung carita dumasar kana strukturna;
- 4) nganalisis data pancacuriga tina eusi dongéng jeung caritana;
- 5) nyaluyukeun jeung napsirkeun data saluyu jeung pangabutuh unggal ulikan;

- 6) méré déskripsi kana data anu geus diolah, boh sacara langsung tina eusi karyana, boh ngawuwuhkeun informasi séjén;
- 7) ngabandingkeun data struktur jeung hermeneutik;
- 8) méré tafsiran sarta déskripsi tina hasil babandingan, boh sacara langsung tina eusi karyana, boh ngawuwuhkeun informasi séjén;
- 9) méré kacindekan kana data anu geus dianalisis;
- 10) nyieun laporan panalungtikanna dina wangun skripsi.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data struktural anu ngawengku kartu data digital struktural (téma, galur, palaku jeung watekna, satra latar), kartu data digital hermeneutik, tabél data babandingan struktural, jeung tabél data babandingan hermeneutik.

#### 3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

##### KARTU DATA DIGITAL STRUKTURAL

##### 1) Téma

Judul	Pasualan	Cutatan	Kode Data (D-JD/T/KU)
Si Kabayan Ngala Nangka	Jalma bodo anu omonganna bener	Si Kabayan némbong, “Atuh da sieun, ngala batu lain pelak sorangan. Mun dititah ngala nangka, ngala lauk di balong, daék. Sabab pelak sorangan. Ari ngala keusik ti walungan mah, engké heula. Sieun ku nu bogana, manasina walungan téh anu mitoha.”	SK-NN/T/01

Keterangan Kode Data:

D : Dongéng/Carita

T : Kode keur “téma”

JD : Judul/Subab

KU : Kode Urut

## 2) Galur

No	Judul	Cutatatan Kajadian	Kode Data (D-JD/G/Kc/KU)
1	Si Kabayan Ngala Nangka	(1) Si Kabayan dititah ngala nangka ku mitohana. ...”Kabayan, nangka nu deukeut susukan téh geus asak tadi bapa ngaliwat, seungitna mani melenghir. Ala ka dituh, bisi aya anu maling.”	(SK-NN/G/1/01)
		(2) .....	...

Keterangan Kode Data:

D : Dongéng/Carita

Kc : Kaca

JD : Judul/Subab

KU : Kode Urut

G : Kode keur “galur”

## 3) Palaku jeung Watekna

No	Judul	Palaku	Watek	Cutatan Carita	Kode Data (D/N- JD/PW/KU)
1	Si Kabayan Ngala Nangka	Si Kabayan	Ngangluh méméh migawé hiji pagawéan	“Na atuh lain ala waé ku bapa, ari nyaho yén geus asak mah,” jawab Si Kabayan bari cengkat.	(SK-NN/PW/01)

Keterangan Kode Data:

D : Dongéng/Carita

PW : Palaku & Watek

JD : Judul/Subab

KU : Kode Urut

## 4) Latar

No	Judul	Latar	Cutatan Carita	Kode Data (D-JD/L/KU)
1	Si Kabayan Ngala Nangka	Tempat Pilemburan, kira-kira deukeut pahumaan	(4) Imah Bah Asik Si Kabayan ngadigdig muru imah Bah Asik. Tapi katénjoeun di imah euweuh sasaha. Ngan di buruan aya	(SK-NN/L/04)

No	Judul	Latar	Cutatan Carita	Kode Data (D-JD/L/KU)
			embé keur ngakanan cangkang nangka.	
		<b>Waktu</b>	Si Kabayan keur ngadeluk wé ti isuk-isuk, diuk deukeut tebuh kapuk.	(SK-NN/L/06)
		Isuk-isuk nepi ka beurang		
		<b>Sosial</b> Susumpit (pacabakan)	Di dituna mah manéhna téh keur nyieunan paser, rék <i>susumpit</i> ka sawah.	(SK-NN/L/07)

Keterangan Kode Data:

D : Dongén/Carita

Kc : Kaca

JD : Judul/Subab

KU : Kode Urut

L : Kode keur “latar”

#### KARTU DATA DIGITAL HERMENEUTIKA (PANCACURIGA)

UNSUR PANCACURIGA	CUTATAN	KODE DATA (D-JD/ (SI/Sn/Sm/Sk/Ss)/KU)
Silib		
Sindir		
Sampir		
Siloka		
Sasmita		

Keterangan Kode Data:

D : Dongéng anu dianalisis

JD : Judul/Subab

SI : Kode keur “silib”

Sn : Kode keur “sindir”

Sm : Kode keur “sampir”

Sk : Kode keur “siloka”

Ss : Kode keur “sasmita”

KU : Kode Uru



TABEL BABANDINGAN DATA STRUKTUR

STRUKTUR	SK- NN	SK- PO	SK- DN	AN- S	AN- NY	AN- SK	AN- AP	KAT
Tema								
Galur								
Tokoh								
Watek								
Latar	Tempat							
	Waktu							
	Sosial							

TABEL BABANDINGAN DATA HERMENEUTIK

INDIKATOR	Kode Judul Dongéng / Judul Subab Dongéng							KAT
	SK- NN	SK- PO	SK- DN	AN-S	AN- NY	AN- SK	AN- DP	
Silib (Léksikografi)								
Sindir (Étimologi)								
Sampir (Sémantik)								
Siloka (Sémiotika)								
Sasmita (Hermeneutika)								

### 3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data dina ieu panalungtikan téh nyaéta kartu analisis data digital jeung tabél analisis babandingan data digital. Kartu analisis data digunakeun pikeun nyangking déskripsi tina data-data anu kapanggih, sedengkeun tabél analisis babandingan data dipaké pikeun nyangking déskripsi tina hasil babandingan data. Dina ieu panalungtikan aya dua kartu data analisis jeung dua tabél analisis babandingan data anu dipaké, nyaéta kartu analisis data digital struktural, kartu analisis data digital hermeneutik, tabél analisis babandingan data struktural, jeung tabél analisis babandingan data hermeneutik.

#### 1) Kartu Analisis Data Digital Struktur Dongéng (Téma, Galur, Tokoh, Latar)

Kartu Data Analisis Struktur Dongéng (Téma)
Kode Data : SK-NN/T/05
Pasualan : Bah Asik nyusulan embéna
Cutatan Data: “Bah, nangka téh béak dihakan ku embé. Embé wé gantina!”
Analisis : Dina ieu bagéan mitoha Si Kabayan ngarasa sarua héran jiga ti heula, tapi teu loba carita. Sanajan kitu, kalakuanna éta moal henteu ngadatangkeun masalah. Nangka anu leungit jeung embé anu lain milik manéhna jadi cukang masalah dina bagéan satuluyna.

**2) Kartu Analisis Data Digital Hermeneutik (Silib, Sindir, Sampir, Siloka, Sasmita)**

<b>Kartu Data Analisis Hermeneutik Dongéng (Simbul)</b>	
Kode Data	: SK-NN/Sm/01
Cutatan Unsur/Data	: Buah Nangka Asak nu Nyasab
Analisis	: lambang atawa simbol anu dipaké dina dongéng Si Kabayan “Ngala Nangka” téh nyaéta buah nangka. Buah nangka dina ieu dongéng digunakeun pikeun ngumpamakeun watek-watek tokoh jeung jalan pikeun ngawagun kritikan-kritikan di jero caritana. Contona baé bisa katitén dina dua cutatan unsur-unsur sindir saméméhna.

**3) Tabél Analisis Babandingan Data Digital Struktur**

No.	Struktur Carita	Déskripsi Babandingan	
		Si Kabayan	Abu Nawas
1.	Téma		
2.	Galur		
3.	Tokoh		
4.	Watek		
5	Latar		

**4) Tabél Analisis Babandingan Data Digital Hermeneutik**

No.	Unsur Pancacuriga	Déskripsi Babandingan	
		Si Kabayan	Abu Nawas
1.	Silib		
2.	Sindir		
3.	Sampir		
4.	Siloka		
5	Sasmita		